

# Bati pou Demen

Lokal pou okipe moun lajounen sa a patisipe nan Pwogram pou Bay Timoun ak Granmoun Manje a (CACFP, ki rele nan lang angle «Child and Adult Care Food Program»). Pwogram sa a se yon pwogram federal ki bay timoun yo okipe lajounen yo manje ak ti goute byen balanse.

Chak jou, gen plis pase 2,6 milyon timoun ki patisipe nan pwogram CACFP a, nan kay ak sant kote yo okipe moun lajounen nan tout peyi a. Yo peye kote sa a yo pou sèvi manje fòtifyan ki dakò ak kondisyon USDA mande yo. Pwogram sa a jwe yon wòl enpòtan anpil pou fè swen yo pi bon, nan kote yo okipe moun lajounen yo, ak pou pèmèt fanmi ki pa touche anpil lajan yo pa depanse anpil.

**Manje yo** Kay ak sant ki nan pwogram CACFP a suiv kondisyon USDA mande yo, pou manje.

Manje nan maten	Manje midi oswa Soupe	Ti goute (2 nan gwoup 4 yo)
Lèt Fwi oswa Legim Grenn oswa Pen	Lèt Vyann oswa Ranplasman pou vyann Grenn oswa Pen 2 sèvis separe fwi oswa legim	Lèt Vyann oswa Ranplasman pou vyann Grenn oswa Pen Fwi oswa Legim

**Enstitisyon** Gen anpil kay ak sant kap patisipe nan pwogram CACFP a, epi ki gen menm objektif pou yo bay moun yap sèvi yo manje ak ti goute ki fòtifyan. Nan pami enstitisyon ki patisipe yo, genyen:

- **Sant ki Okipe Timoun:** Sant prive ak piblik ki okipe timoun, epi ki gen lisans oswa pèmasyon, pwogram Avantaj pran Devan (Head Start), epi kèk lòt sant ki travay pou fè benefis.
- **Kay ki Okipe Fanmi Lajounen:** Kay prive ki gen lisans oswa pèmasyon.
- **Pwogram ki okipe timoun apre lè lekòl:** Sant nan katye moun ki pa gen anpil lajan, yo bay ti goute gratis pou timoun ki pral lekòl ak pou pitit jennmoun.
- **Sant pou Moun ki Pa Gen Kote pou yo Rete:** Sant ijans yo, fè sèvis manje pou timoun ki pa gen kote pou yo rete.

**Kalifikasyon** Ajans Eta yo peye enstitisyon ki okipe timoun ki nan katogori sa yo lajounen, san yo pa rete dòmi nan kote a:

- timoun ki gen 12 an oswa pi piti,
- timoun ki soti nan lòt peyi, ki gen 15 an oswa pi piti, epi
- timoun ki rive jouk 18 an, nan pwogram ki okipe timoun apre lè lekòl nan katye moun ki pa gen anpil lajan.

**pou** Si w gen kesyon sou pwogram CACFP a, tanpri kontakte youn nan kote sa a yo:

**Enfòmasyon** Sponsoring Organization/Center:

State Agency:

Department of Health

Bureau of Childcare Food Programs

4052 Bald Cypress Way, Bin A-17

Tallahassee, Florida 32399-1727

850.245.4323



USDA bay tout moun menm chans pou yo jwenn sèvis ak travay

Haitian Creole Version

Pou Moun kap Okipe Timoun:

Mwen byen kontan wap patisipe nan Pwogram pou Bay Timoun ak Granmoun Manje a (CACFP, ki rele nan lang angle «Child and Adult Care Food Program»); lajan pou finanse pwogram sa a soti nan Depatman Agrilti Etazini (USDA). Bravo pou devouman w pou timoun ak fanmi yo.

### **Avèk CACFP, se tout moun ki soti devan**

Lè w sèvi timoun yo bon manje ki fòtifyan, nan pwogram CACFP a, sa ede nan elve timoun yo ak bon kalite swen. Timoun ki byen manje pa malad fasil, yo aprann pi byen, epi yo aji pi byen. Papa ak manman yo kontan, lè yo konnen pitit yo jwenn bon kalite manje yo bezwen pou yo grandi ak pou yo aprann lekòl.

### **Nap konte sou ou, pou:**

- sèvi bon kalite manje ki gen tout bagay USDA vle pou manje genyen, nan CACFP;
- konte konbyen fwa ou sèvi manje, epi mande touche sèlman pou manje ou bay timoun ki kalifye yo ki enskri nan pwogram nan;
- mande touche sèlman pou 2 plat manje ak 1 ti goute, oswa 2 ti goute ak 1 plat manje, pou chak timoun, chak jou;
- byen konte ak ekri konbyen fwa ou sèvi manje, ak konbyen timoun ki te la; epi
- voye papye ki gen enfòmasyon sa a yo, san pran reta, bay òganizasyon ou siyen kontra avèk li a («òganizasyon ki parenn» ou an).

Si w suiv kondisyon sa a yo, ansanm ak lòt kondisyon òganizasyon ki parenn ou an eslike w yo, wap tonbe dakò avèk tout sa pwogram CACFP a mande. Si w ekri enfòmasyon sa a yo egzak, sa pral garanti òganizasyon ki parenn ou an ap toujou peye w san fè erè. Si w pa suiv règleman sa a yo, yap koupe sou peman w oswa yap refize peye w, epi sa kapab lakòz ou pa kalifye ankò pou pwogram CACFP a.

### **Fòmasyon ak Sipò**

Oganizasyon ki parenn ou an pral ba ou fòmasyon ak ede w konprann règleman sa yo pi byen. Si w gen nenpòt ki kesyon oswa nenpòt ki pwoblèm, tanpri kontakte òganizasyon ki parenn ou an. Ajans nan Eta ou rete a ap la pou ede w tou, si w ta gen lòt kesyon toujou. Ou kapab jwenn ki ajans ki nan Eta ou rete a, nan paj Entènèt ki rele USDA Child Nutrition nan (Manje pou timoun nan USDA); adrès Entènèt la, se : [www.fns.usda.gov/cnd](http://www.fns.usda.gov/cnd), osinon ou mèt mande òganizasyon ki parenn ou an ki moun pou w rele nan Eta ou rete a.

Konpliman dèske wap patisipe nan pwogram CACFP a. Nap fè *bèl travay pou bati demen* tout bon vre!

Mèsi anpil,

Shirley R. Watkins  
Under Secretary  
Food, Nutrition, and Consumer Services